# Chirewauwandu (Quantitave)

Chirewauwandu inzwi rinotsanangura zveuzhinji kana zvekushomeka kwechinhu kana zvinhu.
Sokuti:
mbudzi dzose (mbudzi zhinji, dzakawanda, pasina kana yasarira)
manzwi ako omene (manzwi ako asina kuwedzerwa)

**Maumbirwo echirewauwandu**
Chirewauwandu chinoumbwa sezvizvi:
chivakashure/chiwedzera chechirewauwandu (quantitative prefix) + vararinoshanduka (quantitative stem) +dzitsi

Muenzaniso
zv- + -o- + -se zvose
tw- + -e- + -se twese
v- + -o- + -mene vomene
r- + -e- + -ga rega

Madzitsi echirevauwandu Chirewauwandu chine mhando nhatu dzemadzitsi

1) -se (rinoshandiswa kubuditsa pfungwa yekuti hapana chinosara)
   Sokuti:
   a) Tose takaenda kuguta nemotokari.
   b) Usiku hwose arara achichema.
2) -ga (Dzitsi iri rinoshanda kuratidza chinhu/ munhu mumwechete.)
   Sokuti:
   a) Ini ndoga ndini ndinobvumidzwa kuita izvozvo.
   b) Imbwa yega ndiyo inorara panze.
3) -mene (Dzitsi iri rinoreva kuti pachako/ pachezvake, pauzima, pasina chimwe kana zvimwe zvawedzerwa)
   a) Iye omene ndiye auya.
   b) Amai vake vomene ndivo vakazvitaura.